Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRÈ KONSTAN NAN LIT K AP KONTINYE KONT VYOLANS AK ZAM PANDAN FIZIYAD YO REDUI A 64 POUSAN DEPI 2021

Ensidan fiziyad avèk blesi yo te diminye a 17% pandan kat premye mwa 2026 yo pa rapò ak menm peryòd ane pase a

Pa gen okenn omisid ki gen rapò ak zam afe ki te fèt nan 18 nan 28 kominote GIVE yo, sa ki te kontribye nan yon bès 43 pousan nan kantite moun ki mouri ak zam afe

Buffalo ak Rochester te kontinye pran devan nan rediksyon vyolans ak zam ak yon bès de chif nan ensidan fiziyad yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pwogrè soutni nan lit kontinyèl kont vyolans ak zam pandan kat premye mwa 2026 yo konpare ak menm peryòd ane pase a nan kominote k ap patisipe nan inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) Eta a. Nouvo done ki soti nan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) la montre ensidan fiziyad ki lakòz blesi te diminye a 17 pousan, kantite viktim fiziyad yo te diminye a 19 pousan, epi kantite moun ki mouri ak zam afe te diminye a 43 pousan. An menm tan, pa te gen okenn omisid ki gen rapò ak zam afe nan 18 sou 28 kominote GIVE yo.

"Nouyòkè yo pi an sekirite jodi a grasa envestisman kontinyèl nou yo nan estrateji ki pwouve, ki baze sou done, k ap ede diminye vyolans ak zam epi sove lavi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tout moun merite viv lib anba flewo vyolans ak zam lan. Pandan n ap travay pou kontinye pwogrè sa a nan kominote ki sibi vyolans ak zam, administrasyon mwen an ap kontinye sipòte travay di lapolis, òganizasyon kominotè yo ak lidè lokal yo ki sou premye liy nan batay sa a."

Depatman lapolis GIVE sa yo pa rapòte okenn omisid ki gen rapò ak zam afe pandan kat premye mwa ane a:

- Amherst
- Auburn
- Binghamton
- Cheektowaga
- Hempstead

- Ithaca
- Jamestown
- Kingston
- Lackawanna
- Middletown
- Mount Vernon
- Newburgh (city)
- Schenectady
- Spring Valley
- Troy
- Utica
- Yonkers
- Watertown

Depatman lapolis k ap patisipe nan GIVE sou premye liy la nan konbat vyolans ak zam deyò Vil Nouyòk, avèk 28 ajans k ap patisipe yo ki ansanm responsab pou anviwon 90 pousan krim vyolan ki enplike zam afe ak 85 pousan nan tout krim vyolan ke yo rapòte deyò senk awondisman yo.

Konpare ak kat premye mwa 2021 yo, rediksyon yo pi siyifikatif toujou. Ensidan fiziyad ki lakòz blesi te diminye 64 pousan, soti nan 324 pou rive nan 116 ensidan. Viktim fiziyad yo te diminye a 66 pousan, soti nan 373 pou rive nan 127, epi asasina ki gen rapò ak zam afe te diminye 66 pousan, soti nan 61 pou rive nan 21 lanmò. Tandans pozitif sa yo nan kominote GIVE yo vini apre chif ki pi ba detouletan pou ane pase a pou twa pwen done fiziyad yo, ke eta a te kòmanse kolekte an 2006.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk kontinye fè envestisman estratejik ki ede diminye vyolans ak zam epi sove lavi. Chak diminisyon nan vyolans vle di plis fanmi ki rete antye, plis timoun k ap grandi nan katye ki pi an sekirite ak plis kominote ki kapab pwospere lib anba laperèz ak chòk ki koze pa vyolans ak zam. Rezilta sa yo reflete angajman lapolis, òganizasyon kominotè yo ak lidè lokal yo k ap travay ansanm chak jou pou konstwi yon Nouyòk ki pi an sekirite pou tout moun."

Vyolans ak zam nan Buffalo ak Rochester te kontinye diminye anpil tou. Depatman Lapolis Buffalo (Buffalo Police Department) a rapòte kat asasina ki gen rapò ak zam afe pandan kat premye mwa 2026 yo, konpare ak 10 pandan menm peryòd ane pase a ak 25 an 2021. Buffalo te wè tou yon diminisyon 32 pousan nan ensidan fiziyad ki te lakoz blesi ak yon diminisyon 34 pousan nan viktim fiziyad yo konpare ak 2025. Konpare ak 2021, ensidan fiziyad ki te lakoz blesi ak viktim fiziyad yo chak te diminye plis pase 75 pousan.

Depatman Lapolis Rochester a rapòte yon asasina ki gen rapò ak zam afe pandan kat premye mwa 2026 yo, konpare ak uit pandan menm peryòd ane pase a ak 13 an 2021. Rochester te wè tou yon diminisyon 18 pousan nan ensidan fiziyad ki te lakoz blesi ak

yon diminisyon 16 pousan nan viktim fiziyad konpare ak 2025. Konpare ak 2021, ensidan fiziyad ki te lakòz blesi te diminye a 61 pousan epi viktim tire yo te diminye a 63 pousan.

Inisyativ GIVE la, ki administre pa DCJS, bay plis pase 36 milyon dola bay depatman lapolis, biwo pwokirè distri yo, depatman pwobasyon yo, ak biwo cherif yo ki patisipe yo, ansanm ak fòmasyon ak asistans teknik ki sipòte yon apwòch konplè pou adrese vyolans ak zam, ki konbine politik ki baze sou done, prevansyon vize, sansibilizasyon nan lari, angajman jèn yo ak estrateji prevansyon vyolans ki baze sou kominote a.

Depi li antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te angaje plis pase 3 milya dola nan inisyativ sekirite piblik ki ap bay rezilta atravè tout eta a. Anplis finansman san parèy pou fòs lòd la, Gouvènè a te ogmante envestisman nan inisyativ ak pwogram prevansyon ki kreye opòtinite pou jèn yo ak fanmi yo epi ki ranfòse katye yo, tankou SNUG Street Outreach, Project RISE, inisyativ sekirite piblik dirije pa kominote a nan Bronx la, efò pou depistaj prevansyon blesi ak zam afe ak efò estokaj an sekirite ak nouvo pwogram HOPE la pou jèn yo ak fanmi yo. Apwòch ki gen plizyè aspè sa a rekonèt enpòtans pou bay sipò kontinyèl bay kominote ki poko patisipe konplètman nan pwogrè eta a. Gouvènè Hochul te avanse tou pwopozisyon kle nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2027 li a pou konbat zam ilegal ki fèt ak enprimant 3D ak mitrayèt yo fabrike lakay (Do-It-Yourself, DIY) kòm yon pati nan lwa sou zam ki pi enpòtan nan Nouyòk la.

Prezidan Tanporè ak Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins, te deklare, "Estatistik sa yo vrèman ankourajan paske yo montre ke inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (GIVE) Eta a ap fè yon vrè diferans nan kominote nou yo. Lefèt ke Yonkers pa rapòte okenn omisid ki gen rapò ak zam afe pandan kat premye mwa ane a se yon nouvèl ekstrawòdinè pou rezidan nou yo ak fanmi nou yo ki merite santi yo an sekirite nan katye yo. Inisyativ sa a demontre ke envestisman nan patenarya lapolis, estrateji prevansyon ak efò kominotè yo ap ede kenbe zam ilegal yo deyò lari nou yo — sa ap sove lavi nan Yonkers ak nan anpil lòt kominote atravè eta nou an."

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Middletown ap pwospere gras a patenarya solid ant lidèchip eta a ak lidèchip lokal yo. Sekirite lari nou yo se yon priyorite pou nou tout, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè a pou sipò kontinyèl li bay pwogram enpòtan sa a, ansanm ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la ak ofisye lapolis yo pou travay yo sou teren an pou rann siksè sa a posib. Chòk vyolans ak zam nan gen enpak dirab sou moun ak kominote yo, epi mwen fyè dèske m ap travay pou jwenn solisyon ak moun ki konsène yo."

Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare, "Vyolans ak zam se youn nan kriz ki pi devastatè e ki ka evite k ap fèt nan katye nou yo. Done ki pibliye dènyèman yo pwouve ke lè nou pran aksyon konplè, nou sove lavi. Mwen kontan wè Mount Vernon enkli nan inisyativ sekirite piblik istorik sa yo, ki te diminye ensidan fiziyad ki te lakoz besi a 64 pousan nan tout eta a, yon fason etonan. Ansanm ak finansman pou sekirite piblik ak pwogram sansibilizasyon kominotè ki elaji, estrateji sa a reprezante yon etap esansyèl nan direksyon transfòmasyon katye nou yo, diminye vyolans ak zam epi kreye yon avni

ki pi an sekirite. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, ajans lapolis lokal nou yo, patnè kominotè yo, ak kòlèg mwen yo nan gouvènman an pou angajman yo pataje pou yon Nouyòk ki pi an sekirite e ki pi solid."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "To vyolans ak zam ap bese nan tout Eta Nouyòk, e inisyativ GIVE la, ki bay lapolis lokal yo ak òganizasyon kominotè yo resous pou reponn ak anpeche vyolans, se youn nan gwo rezon sa yo. Mwen fyè pou sipòte finansman esansyèl sa a, epi mwen remèsye Gouvènè a paske li te rekonèt bezwen Kingston yo lè li te deziyen resous pou Depatman Lapolis nou an, sa ki pèmèt yo ranfòse patenarya ki fè katye nou yo pi an sekirite."

Senatè Eta Lea Webb, te deklare, "Mwen ankouraje lè m wè kominote tankou Binghamton ak Ithaca pa rapòte okenn omisid ki gen rapò ak zam afe pandan kat premye mwa 2026 yo. Nou dwe kontinye sipòte inisyativ tankou Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (GIVE) Eta a pou n ka bay resous enpòtan ki pèmèt nou devlope mezi konplè pou sekirite piblik. Yo adrese kòz fondamantal vyolans yo, yo elaji opòtinite pou jèn yo, yo sipòte sante mantal, epi yo ranfòse konfyans nan kominote a."

Senatè Eta April N.M. Baskin, te deklare, "Diminisyon kontinyèl nan vyolans ak zam atravè Nouyòk la se yon nouvèl ankourajan. Mwen patikilyèman fyè pou m wè kominote tankou Cheektowaga ak Lackawanna pa rapòte okenn omisid ki gen rapò ak zam afe jiskaprezan ane sa a, sa ki reflete enpak patenarya kominotè solid yo, efò prevansyon yo ak travay devwe k ap fèt chak jou pou kenbe rezidan yo an sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye envesti nan inisyativ sekirite piblik ki ede diminye vyolans epi kreye opòtinite pou jèn yo ak fanmi yo nan kominote nou yo."

Senatè Eta a Siela Bynoe, te deklare, "Done nou wè jiskaprezan yo montre prèv ki montre lè nou envesti nan inisyativ sekirite anvan trajedi frape, nou kapab sove lavi. Pandan kat premye mwa 2026 yo, Depatman Lapolis Hempstead pa rapòte okenn omisid ki gen rapò ak zam afe. Diminisyon vyolans ak zam vle di mwens fanmi ki riske fè eksperyans pèt inimajinab oswa katye ki twomatize pa fiziyad ki rive toupre yo. Gen travay ki rete pou fèt toujou, men pandan n ap kontinye envesti nan prevansyon, nou ka fè yon diferans nan sekirite atravè Eta Nouyòk la."

Senatè Eta Jeremy Zellner te deklare, "Diminisyon vyolans ak zam nan Buffalo ak Amherst se yon vrè pwogrè pou Lwès Nouyòk, epi li reflete sa ki posib lè sekirite piblik trete tankou yon priyorite. Rezilta sa yo se pwodwi yon kowòdinasyon solid ant lapolis ak patnè nan kominote a k ap travay ansanm. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li anvè inisyativ GIVE la ak envestisman li yo ki rann kominote nou yo pi an sekirite. Gen plis travay pou fèt toujou, men pwogrè sa a ap sove lavi moun."

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a ap travay di pou diminye vyolans ak zam nan Bronx la ak toupatou nan eta a grasa envestisman nan sekirite piblik ak prevansyon nan kominote a. Rediksyon kontinyèl nan vyolans ak zam montre ke aplikasyon lalwa entelijan, sansibilizasyon jèn yo ak solisyon

nan katye yo fè kominote yo pi an sekirite. Nou rete angaje pou nou kontinye pwogrè sa a epi asire ke chak Nouyòkè santi yo an sekirite nan kominote yo a."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Mwen rekonesan ke pa gen okenn omisid ki gen rapò ak zam afe nan Utica jiskaprezan. Sepandan, priyorite nimewo en mwen se konbat itilizasyon zam ilegal pa jèn nou yo. Timoun nou yo ap sibi eksplwa nan men kriminèl granmoun ki sèvi ak zam nan zak vyolans. Pwogram GIVE la ofri yon kolaborasyon inik ak lapolis nou yo ak moun nan lokalite a ki pataje priyorite mwen an. Gen plis travay ki rete pou fèt, epi mwen ap tann yon diminisyon nan tout itilizasyon zam ilegal nan pwogram GIVE la."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Rediksyon kontinyèl vyolans ak zam nan tout Eta Nouyòk la, epi sitou nan Vil Troy, se yon bagay nou tout ka ankouraje. Mwen apresye patenarya a avèk Gouvènè a pou asire ke pwogram ki deja teste e ki gen bon rezilta ki enplike kowalisyon kominotè yo ap fè yon vrè diferans nan rann kominote nou yo pi an sekirite. Anplis de sa, sipò kontinyèl pou lapolis ni nan tout eta a ni lokalman se yon resèt pou siksè, ki se yon objektif komen nou tout pataje. Sa vle di, toujou gen plis bagay pou fèt, epi mwen pataje angajman Gouvènè a pou kontinye rann kominote nou yo pi an sekirite."

Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare, "Malgre estatistik yo enpresyonan, sa a se sèlman yon kòmansman. Toujou gen twòp zam k ap fè trafik nan kominote nou yo epi k ap tonbe nan move men. Se poutèt sa m ap kontinye travay avèk gwoup kominotè yo ak lapolis pou retire zam nan lari nou yo atravè inisyativ tankou racha zam mwen te patwone dènyèman nan Newburgh, ki te pote 83 zam. Nou dwe rete vijilan nan travay nou pou nou sispann vyolans ak zam."

Manm Asanble, Patrick Burke, te deklare, "Nouyòk montre ke lè nou envesti nan politik entelijan, patenarya kominotè solid ak estrateji prevansyon reyèl, nou ka fè pwogrè siyifikatif nan rediksyon vyolans ak zam. Gouvènè Hochul demontre yon angajman kontinyèl anvè sekirite piblik, epi mwen vle remèsye ofisye fòs lòd yo, òganizasyon katye yo ak travayè sosyal yo atravè Buffalo ak kominote yo atravè eta a k ap travay san pran souf pou kenbe katye nou yo an sekirite."

Manm Asanble Karen McMahon te deklare, "Mwen trè kontan ak pwogrè ki fèt nan konbat vyolans ak zam nan Eta Nouyòk. Gras a gwo envestisman nou fè nan sekirite piblik, nou wè yon bès rapid nan fiziyad, fiziyad ki lakòz blesi, epi plizyè vil, komin ak vilaj nan tout eta a pa rapòte okenn omisid ki gen rapò ak zam jiskaprezan an 2026. Mwen fyè ke Amherst pami vil sa yo. Mwen remèsye Gouvènè a pou priyorite li bay pwoblèm sa a."

Manm Asanble Noah Burroughs, te deklare, "Gras a vizyon Kathy Hochul ak envestisman kontinyèl eta a nan inisyativ prevansyon vyolans nan kominote a, kominote yo atravè Nouyòk — tankou Hempstead — ap wè pwogrè siyifikatif nan rediksyon vyolans ak zam. Finansman sa a te bay òganizasyon lokal yo pouvwa, ranfòse

patenarya ak lapolis ak ekip sansibilizasyon, epi kreye katye ki pi an sekirite pou fanmi yo ak jèn yo atravè eta a."

Majistra Vil Binghamton, Jared Kraham, te deklare, "An pati gras a envestisman Gouvènè Hochul ak DCJS nan kominote nou an, nou wè rezilta reyèl nan lit kont vyolans ak zam. Finansman eta a te sipòte envestigasyon imaj balistik dènye kri, elaji patwouy nan katye ki nan zòn ki gen pwoblèm sante ki ranfòse konfyans kominote a, epi li bay Sant Analiz Krim Southern Tier la pouvwa — kidonk depatman nou yo ap pataje enfòmasyon epi pran devan sou krim anvan li rive. Men sa envestisman entelijan nan sekirite piblik sanble, epi rezidan nou yo pi an sekirite gras ak li."

Majistra Vil Newburgh la, Torrance Harvey, te deklare, "Pou kominote tankou Newburgh, sekirite piblik la pa sèlman baze sou estetistik, li enpòtan pou asire ke fanmi yo santi yo alèz nan katye yo epi jèn yo wè opòtinite olye vyolans. Pwogrè n ap wè a se rezilta yon vrè kolaborasyon sou teren an, epi nou remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye envesti nan inisyativ tankou GIVE k ap ede kominote yo bati yon avni ki pi an sekirite e ki pi solid."

Majistra Vil Utica Michael Galime, te deklare, "GIVE esansyèl pou sekirite piblik la. Se pa sèlman finansman. Li se yon pati nan fason nou pwoteje kominote nou yo. Sipò kontinyèl Gouvènè Hochul pou GIVE atribiye dirèkteman a lit san fen nou kont vyolans ki enplike zam."

Joe DeStefano ki se Majistra Vil Middletown lan, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl ou pou envesti nan estrateji sekirite piblik ki pwouve efikasite yo, ki ede diminye vyolans epi kenbe kominote yo pi an sekirite. Middletown te wè valè patenarya solid ant lapolis, òganizasyon kominotè yo ak Eta a, epi pwogrè ki fèt atravè inisyativ GIVE la reflete travay di k ap fèt chak jou pou pwoteje katye nou yo ak fanmi nou yo."

Majistra Vil Lackawanna, Annette Iafallo, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul pou atansyon kontinyèl li sou konbat vyolans ak zam nan tout eta a epi pou resous li bay atravè inisyativ NYS GIVE ki fè travay sa a posib nan nivo lokal la. Gras a patenarya solid ak efò pwo-aktif, Vil Lackawanna fè pwogrè siyifikatif nan rediksyon vyolans ak zam ak omisid depi ane a—prèv klè ke kolaborasyon ak envestisman soutni nan estrateji prevansyon ka fè yon vrè diferans."

Majistra Vil Kingston, Steve Noble, te deklare, "Pwogrè Kingston nan rediksyon vyolans lan montre sa ki posib lè kominote yo adopte yon apwòch kowòdone ak pwo-aktif anvè sekirite piblik la. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye sipòte pwogram tankou GIVE ki bay lapolis lokal yo ak patnè kominotè yo zouti ak resous ki nesesè pou diminye krim, ranfòse katye yo epi ede rezidan yo santi yo pi an sekirite nan lavi chak jou yo."

Majistra Vil Mount Vernon lan, Shawyn Patterson-Howard, te deklare,"Chak rezidan merite santi yo an sekirite kont vyolans ak zam nan katye yo a. Gras a sipò kontinyèl

Gouvènè Kathy Hochul atravè inisyativ GIVE la, Mount Vernon te wè ensidan bal konfime ki tire diminye soti nan 18 pandan menm peryòd ane pase a pou rive nan sèlman kat an 2026, kote pa gen okenn moun ki te pran bal. Chif sa yo reprezante yon chanjman kiltirèl, yon chanjman ki montre Mount Vernon te pase yon ane san okenn omisid ki gen rapò ak zam. Finalman, yo reprezante yon Mount Vernon ki pi an sekirite. Yon kominote pwoteje pa gason ak fanm ki travay di nan Depatman Lapolis Mount Vernon lan."

Majistra Vil Ithaca, Robert Cantelmo, te deklare, "Apre m te fin pran fonksyon kòm Majistra an 2024, mwen te kanpe nan Albany epi mwen te koute diskou Eta Leta Gouvènè Hochul la, kote li t angaje l pou prevansyon vyolans ak zam konplè. Nouvèl jodi a se prèv kijan envestisman nan politik pwogresif ak entelijan bay rezilta pou kominote nou yo. Atravè GIVE, nou amelyore patenarya nou yo ak ajans lokal ak eta yo pou nou fè ankèt konjwen ak aplikasyon lwa sible sou kriminèl ki renome nan zafè vyolans ak zam yo. Pwogram sa a te bay tou yon sipò enpòtan pou pwogram sekou kominotè inovan nou an, li te ranfòse kapasite nou pou angajman ak entèripsyon vyolans. Rezilta yo se prèv evidan. Vil Ithaca konstate yon bès klè ak rapid nan vyolans ak zam depi lè yo te kòmanse mete pwogram sa a an plas."

Majistra Vil Schenectady Gary McCarthy te deklare, "Schenectady kontinye wè yon rediksyon nan mezi vyolans yo, ki vin tounen yon reyalite lè patnè kominotè nou yo, otorite lapolis yo ak gouvènman yo envesti estratejikman nan sekirite piblik ak prevansyon. Lè nou travay ansanm, katye nou yo vin pi an sekirite. Mèsi Gouvènè Hochul paske li konsakre resous nesesè yo pou sekirite piblik la epi li dirije pwogrè sa a."

Sipèvizè Vil Amherst, Shawn Lavin, te deklare, "Atravè inisyativ GIVE la, Vil Amherst la montre ke kolaborasyon estratejik ant lapolis ak pwogram prevansyon yo ka pwodui rezilta enpòtan ak mezirab. Rediksyon nan vyolans ak zam reprezante plis pase estatistik, li reflete lavi sove, fanmi ki rete antye, ak katye ki pi an sekirite nan tout rejyon nou an. Nou rete angaje pou nou kontinye pwogrè sa a atravè responsablite, sansibilizasyon kominotè a, ak envestisman kontinyèl nan efò prevansyon vyolans. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou envestisman kontinyèl li nan pwogram ki gen enpak e ki fè yon vrè diferans nan kominote nou an. Mwen vle remèsye tou Depatman Lapolis Amherst la ki gen devouman, pwofesyonalis ak patenarya ki kontinye pouse efò sa yo pi devan avèk rezilta pwouve."

Majistra Vil Watertown, Sarah Compo Pierce, te deklare, "Rann kominote nou an pi an sekirite se youn nan responsablite ki pi enpòtan nou genyen, epi mwen fyè ke Watertown se pami kominote GIVE yo ki rapòte zewo omisid ki gen rapò ak zam afe jiskaprezan ane sa a. Sa a se yon temwayaj sou travay di ak devouman ofisye lapolis nou yo, ki sou premye liy chak jou ap travay pou anpeche vyolans epi pwoteje katye nou yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul tou pou sipò kontinyèl li bay inisyativ k ap ede fè kominote yo, tankou Watertown, pi an sekirite pou moun ki rele yo lakay yo."

Majistra Vil Yonkers, Mike Spano te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li bay inisyativ GIVE la epi pou rekonèt pwogrè k ap fèt isit la nan Yonkers. Depi kreyasyon pwogram nan, kòm yon kominote GIVE ki fyè, Yonkers rete angaje pou travay ansanm pou anpeche vyolans ak zam epi kenbe katye nou yo an sekirite. Angajman sa a ap fè yon diferans, ensidan fiziyad yo diminye 50% nan Yonkers pandan kat premye mwa 2026 yo konpare ak menm epòk ane pase. Nou rekonesan anvè ofisye fòs lòd nou yo, patnè kominotè nou yo, ak rezidan yo paske yo ede nou fè vil nou an pi an sekirite."

Majistra Vil Rochester Malik D. Evans te deklare, "Inisyativ GIVE Eta Nouyòk la te jwe yon wòl enpòtan nan diminye vyolans ak zam nan Rochester nan pwen ki pi ba li depi uit ane. Mwen pwofondman rekonesan pou angajman kontinyèl Gouvènè Hochul anvè inisyativ sa a, k ap ede nou fè lari nou yo pi an sekirite epi pote lapè nan katye nou yo."

Majistra Vilaj Hempstead, Waylyn Hobbs, te deklare, "Nou felisite Gouvènè Hochul paske li rekonèt enpòtans solisyon pwo-aktif ki pwoteje fanmi yo epi ranfòse kominote nou an. Finansman sa a ap kontinye bay rezilta tankou mwens krim ak pi gwo koperasyon avèk manm kominote a ak Depatman Lapolis Vilaj Hempstead la. Mèsi Gouvènè Hochul paske w ap kontinye envesti nan solisyon reyèl."

Majistra Vilaj Spring Valley a, Schenley Vital, te deklare, "Sekirite piblik kòmanse ak patenarya solid, envestisman entelijan, ak konfyans ant fòs lòd la ak kominote a. Nan Spring Valley, nou te wè kijan pwogram tankou GIVE ede bay resous ki nesesè pou diminye vyolans, sipòte efò prevansyon epi ranfòse sekirite katye a. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li nan envesti nan inisyativ ki ede pwoteje fanmi yo, kreye lari ki pi an sekirite epi bati kominote ki pi solid atravè Nouyòk."

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la bay sipò enpòtan nan tout aspè nan sistèm jistis kriminèl eta a, ki enkli men ki pa limite a sa sèlman: fòme fòs de lòd yo ak lòt pwofesyonèl jistis kriminèl yo; sipèvize yon pwogram akreditasyon fòs de lòd; asire Breathalyzer (tès alkòl) ak ekipman pou fè respekte vitès ke fòs de lòd lokal yo itilize pou fonksyone kòrèkteman; jere finansman sibvansyon jistis kriminèl; analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò rechèch; sipèvize depatman pwobasyon konte yo ak altènatif nan pwogram prizon yo; epi kowòdone politik jistis pou jèn yo. Swiv DCJS sou Facebook, Instagram, ak LinkedIn.

###